

Securities and Exchange Commissions
Southeast Regional Office
Komisyon pou Operasyon Bous
Biwo Depatman Sid

Komisyon pou Operasyon Bous ap pran aksyon lajistis kont Konpayi ak Moun ki nan pwojè ki rele *Ponzi* pou pran apepre 6 milyon dola nan men 600 envestè ayisyen isit ozetazini kap viv nan depatman Sid nan Florid.

Miami, Florid, 9 Jwin 2005 – Biwo Komisyon pou Operasyon Bous nan Depatman Sid anonse jodiya ke li mande lajistis pou pran aksyon kont Focus Financial Associates, Inc. ansanm ak Focus Development Center, Inc. (dizon “Tout Konpayi Focus yo”), ak tout Reprezantan Prensipal yo Max Francois, Aiby Pierre-Louis, ak Jean Fritz Montinard. Daprè Plent lan, akize yo te abize konfyans kominote ayisyèn lan nan Miami pou yo fè fwòd, yo fè pwogram nan radyo epi yal pale nan legliz pou fè fwòd sa yo.

Plent Komisyon an fè konnen ke depi Fevriye 2002 jiska Jiyè 2004, Konpayi Focus yo ansanm ak reprezantan prensipal yo an ranmase plis ke 5.9 milyon dola nan men anviwon 600 ayisien ki envesti kap viv nan pati Sid Florid lan. Akize yo te ofri kontra pou 12 mwa ke yo te fè konnen ki tap bay pwofi de 15 a 20% chak ane. Akize yo te di moun envestè ke yo tap distribiye lajan yo nan lòt konpayi Focus genyen, tankou liy avyon ki fè vòl dirèk Miyami a Ayiti, sèvis prepare taks, yon sant kiwopraktè, yon sèvis fè gazon, yon dilè machinn, ak 2 garaj pou ranje machin epi lòt bagay ankò. Reprezantan sa yo ke yo akize koulye a, montre ke yo gen eksperyans nan biznis sa yo epi, epi yo fè konnen ke pwofi ki ta pral jwenn envestè yo tap soti nan pwofi konpayi tap fè. Akize yo te fè konnen ke ak lajan sa yo, envestè tap bay bèl opòtinite pou moun nan kominote ayisyèn lan pou yo te kapab fè plis ke 15 poustan pwofi garanti, epi menm lè a, yo tap kreye travay epi yo tap envesti nan pwòp kominote pa yo an. Men, sa ki te fèt reyèlman, sè ke, Akize sa yo te fè yon plan ki rele *Ponzi*, paske tout manman lajan ak enterè yo te peye moun ki te envesti yo, se te avèk lajan lòt moun ki te vin envesti ke yo te peye lajan sa yo, ki vle di, se pa te ak lajan pwofi biznis yo te peye. Lèfini, men lòt bagay ki nan plent lan, sè ke:

- Deklarasyon Akize yo ke kontra yo tap bay 15 a 20 poustan enterè pa ane nan pwofi biznis ke envestè yo tap mete lajan nan yo an, pa te genyen onkenn verite na sa. Akize yo te genyen yon tikal eksperyans oswa yo pa te gen eksperyans menm pou fè yon konpayi mache, epi biznis yo te mal mennen epi jan yo fè bagay yo, biznis yo te toujou ap fè pèt depi nan kòmansman. Se ak lajan moun ki vin envesti ke yo te konn peye “pwofi” bay envestè yo.
- Tout sa akize yo te garanti vèbalman e alekri yo, fè konnen ke manman lajan an te an sekirite e ke yo te “garanti” envestè yo ke yo tap resevwa tout manman lajan yo nan 12 mwa, se pa te vwe. Okontré, estrateji konpayi Focus yo, se te pou mete lajan nan biznis ki prèske pa gen anyen menm e ki sanse pa te genyen lajan pou te fonksyone, ki vle di, sa te plen risk pou envestè yo.

- Pa te gen onkenn verite nan sa, lè Akize yo te fè konnen ke yo tap sèvi ak lajan envestè yo pou finanse konpayi Focus yo, paske se avèk lamajorite lajan envestè yo, ki te sèvi pou yo te peye envestè ki te deja la yo manman lajan ak enterè, epitou se nan lajan sa yo akize yo touche epi yo resevwa komisyon ladanl ankò.

David Nelson, ki Direktè Komisyon nan Biwo Depatman Sid nan Miami di ke “ka sa a montre poukisa fwòd an gwoup sa yo reyèlman mal anpil. “Ka sa a montre kòman akize yo pwofite paske se moun menm peyi a, yo fè moun yo kwè nan yo pou yo twonpe envestè yo. Lèfini, yo rale envestè yo lè yo bay yo asirans ke yo tap sèvi ak lajan yo an pou devlope kiminote yo epi pou fè kominote an gen plis fòs.

Apa de lòd pou kanpe sa nèt, Komisyon an ap mande pou yo pase lòd pou fòse akize yo remèt tout lajan ansanm ak tout bagay ke yo te pran mal lan men envestè yo, lèfini pou yo remèt enterè sou lajan yo depi nan kòmansman, plis, pou pase lòd pou oblige yo peye amann sou lajan yo. Sa pa gen lontan ke Komisyon an te fè mete kèk feyè an kreyòl pou edike envestè. Lèfini, biwo Depatman Sid Komisyon an gen plan pou li fè yon pwogram espesyalman pou reponn a eksyon sou ka sa a, epi pou yo kapab bay enfòmasyon envestè yo ka sèvi pou ede yo evite jan de fwòd angwoup sa yo pidevan. Dat ak kote reyinyon an ap fêt lan, yap mete sa nan sit entènet Komisyon pou Operasyon Bous lan, se:www.sec.gov.

Se pou envestè yo li ti feyè ki rele “*Affinity Fraud (Fwòd an Gwoup)*”, ki bay konsèy sou kòman pou pa tonbe viktim de jan de magouy konsa. Wap jwenn prekosyon sa a ak lòt ankò nan sit entènèt SEC an, se:www.sec.gov. Prekosyon sou “*Affinity Fraud*” (Fwòd an Gwoup) pou envestè an, yo mete li an kreyòl tou nan sit entènèt Komisyon pou Operasyon Bous lan.

Pou plis enfòmasyon, kontakte:

David Nelson
Direktè Biwo Depatman Sid lan
305.982.5332

Glenn S. Gordon
Direktè Adjwen Depatman Sid lan
305.982.6360

Teresa J. Verges
Sou Direktè Depatman Sid lan
305.982.6384